# Baay Laay amul mass

Baay laay amul mass Njool yaay boroom diine Xallal nga nu yoon Leeral nga ngirum diine

Yeen geum yi kaay leen nu waxtaan
Fii ci kagn Baay Libaas,moo fégn ci Soodaan Te noo nampoon wolof miin ko lool Jii wax araamul, ci laay, kagn Seydi Soodaan

Baay Laay a leen yay ci tééré Yalla,Buur bi nu moom Xamxam ba nekkoon ca Maxfuus,moo ko saytu woo leen Waar leen ñu gantu,geum yay sellel ba rilwaan

Bu leen wutal Baay Laay maas nde bonte mu ñaaw Yonnent akub seriñ duñu benn ba diy maas Njiin jãngul,bindul,dajalewul tééré di ci seet Yalla ko yonni muy woote diine lislaam

Baay Laay newul"baa siin mimmara ak liif laam" Jaaxal na walliyu waxumaak fooroya juy waare Dogonkoon ak réér ngeen jebbeul ko Lislaam

Maam Aadamaa tiim ña mu feekkoon ba tén ba laa woor Malaaka yay sujjoot ngir leeru Yonnent ga ca moom Laay laay la Laahu ja mo xotti gémmeuñ ga leer ya saawaan Yooyay junjugn réy na,danu koy woy ba Diiwaan.

Xam naa ci say jiko ñatti tééméér Dadul jeex,am nga kiraama Sak mbaax réy na ku lim juum Rafet jikko muñ gu yaa Xam-xam budul jéex,yaatu taaru tabe Mandu,am diine amuk leer

Baay laay ba muy waaja feeñ,biddééw la andal bu leer Way réér ya naan biddeewub laar,way gëm ya naan bidééwub leer Loolu bir na leen,Séydéey "nooru lislaam"

Baay Laay dafa feeñ samp raayi jullit waar leen Bu ngeen gëmoon jëfu Buur Yalla du ngeen tuuba yeen Mbooleem nit ak jinne kaay leen xañtu lislaam

Sunu Buur la nuy woy di tagg Yonnent bi aleyhi salaam Baay Laay a woote lislaam,gëm leen ko,man woolu naa Yaakaar,ku kañ Seydi am ngag may fa Diiwaan

Yaa naawewoon Makka,yanu leer yaak sunuy ruu Ba ngay cëppéelu ngor,riir wa dektu Rilwaan Ku gëm nu gëm,ku bañ dunu taggo ba Diiwaan

Njool ma cëppéélu biir Yoof,leeram ga dem Kambaréén Jénéer ba dem Beyti Maamur "saalihina" ya teew Ña gëm fa Ndar woolu,Waalo gëm te kontaan

Ñoñam ya wër ko di sabba,bañ yaa nga dééta waay Wax leen ci waa ji,balaa siiw sanku,nan dem ca Buur Pikin dañoo jeeex,maam jaa wootewoon diiné

Ngëlëm dafa réy,te réér metti ma di jooy Ku doon siyaar Nabi,Yaaram baa nga biir Jammalaay Ku daan bégé Seydi Issa war nga ñëw tuuboo

Yallaa la tannoon ci biir Yonnent yi,def la ngay njiit Yaa moom juroom ñaari diiwaan,xawsu mandi ngay leer Deeful wëjjéek yow nde yaa leen mën fa diiwaan

Ba Baay demmee taaxi Béér,tuut koon kiraamaam ya feeñ Dëndug nawet jib na noor,boobéé ba tey ken du laal Baay Laay kerook ñay wu weex tiital na waa Béér

Sëriñ si daa mawwu dugg xalwa di seeti Baay Laay Bëtub kiñaan daan na mbémpeen ba boroom réér Man dey dama yéém ñi ko wéddi te muy moom

Bu leen werante biib taal yonnent a ko taal Ku ci xamul te di xamxamlu baña laaj Yellonte ngay kaague mbaa fooreya di nga réér Lëndëm ga sank la doo seerooti "ridwaan"

Ku fekkewoon ba ngay woote xam ne yaay ki fi man Xérëm yu réy ya ca biir Yoof,xamb yaak ña kay muur Semmal nga leen ba ñuy jaamu Yalla,ken dootu yow Yonnent bi,yaay mbër mi xalloon yoonu lislaam

Xamxam,lu muy jariñ,lu moy jëfe ko,digal ko saw gaay Bu loolu lépp nekkul,moo jaa,ku fiy wonew yoon Subhaana xamxam bu lay wommat jëme Saam Wax ja moo lay gétën ngay layyoo jëme naari

Yonnent fu mu mosa feeñ,Yééfeer ya bañ ko diy noon Ña donn ay kaggu,ñooñaa koy werante ba Saam Ña teela gëm naan fa Zam-Zam,am fa ridwaan

# Baay Laay amul mass

Yoow waat nga wacca nga,yaa woote jubël diiné Birël nga sap woote,doo layyoo ba ken di la yay Yembal nga jox Seydi,muy ommat ba diiwaano

Yow waat nga wacca nga,yaa woote jubël diiné Doo bayyi waxtu,do tooñ,doo naññ kenn,sallaaw Sellal nga saw yoon Baay rafet diiné

Yow waat nga wacca nga,yaa woote jubël diiné Naroon na noo sanku,noo ngi jaamu ken dootu yow Yonnent bi yaay mbër mi xalloon diine lislaam

Baay Laay ne seytaane raay na boppi mbindééf yi Ba Baay nelawee la gééj tiit,neex ba nuy naan Dogoon ak réér ngeen jébbël ko Lislaam

Ku koy werante da nga laajul ñi doon jééma bañ diinéém Kalaame kook buur,ba Baay duggee gaal La gééj sabbaa,Aras jayoo Ba Boroom Aras yëngoo Baay Laay waasuwul Béér

Xaybar la Yééféér ya fitnaal noon ya ñuy seeti Njiin Njool ma feeñu leen ca tisbaar ngir yërmëndeem ju réy Ak bañ gëm ya weddi,Baay Laay yaa rafet diiné

Ñu nga naa kaayleen ñu wër Goor gi,seet njañ li muy muur Mu ne leen reew ngeen,nde suma njañ li bu ngeen ko dee laal Asamaan daldi tappok suuf,gééj ga baawaan

Ñu nga naan tey jii nu gis njañ lu mosul feeñ lu tey Nëbbub Yalla jomb na jaam gis ko,Njiin du seen maas Kéwél ga daldi f¨éx,gaa ña tiit ba daw tasaaroo Ba ñu laa yembaat la Baay Laay japp bay ñaan

Moo simpi xamb ya,taxawal diine Lislaam "Xaatimi nabi-iina" sunu Yonnent bi woy leen ko Moo leeral sunu xol ba sunu tur dem ba diiwaanoo

Nuy muslu séytaane,kiy raay boppi xam ya ñuy réér Diggënte rafle waak xiif waak mar wu tar wa ca Saam Na ump gaa yay dëggal Yonnent ba Diwaano

Lay jeex na Njiin jib na Diwaan wacc biir Yoofi gééj Tambur ba jib na,muy baatub Laa illaa Laah Li Yalla def bir na miim réew,dootu fey abaadaa Japp ak Julléék woor la nuy salloo ba rilwaan

Japp ak julléék woor la nu Yonnent bataleel Goor ak jigéén ndaw ñépp da ciy maase Yonnent a ngay nelaw te bu yeewoo nu kontaan

Kañ leen boroom ngir mi,Baay Laay mooy dindi réér Yaa nuy dindil tiisu bammeel may nu xééwël ca biir Firdawsi,Kawsaray baawaan nuy sanguy naan

Yaa daagu jëm Péey bu réy bi,ñépp sew na ci moom Dééyaale faak Buur ba,ba mu tampeel la,yaay Ruuhu Laahi Yalla la may yaa di njiitu "ahlu Soodaan"

Yow yaa jëkkoon feeñ,di jantub diine,bir na ci moom Leer yaa ngiy baawaan ba Soodaan siy xëcco may gi ñoom Dañoo xamul Xawsu,Baay Maanaay boroom diiné

"Anta Lamiin nga yaa Rohu Xudusi nga Séydil xalaa-ixi Yaa samsu Samaanun,wa yaa nuurun bilaadi Seydi Ruuhu min na Laahi

Ilahiinaay péey ba,noo séqë taabal ja nook Maam Firdawsi kontaan na ngir nun ñiydëggël ñaari leer Bu ngeen yaboo maare,am ngeen mbër fa Diiwaanoo

Bu leen iññaanante ngir nun Buur bi nuy jaamu moo sakkoon Mbugëg,mbégte,te nuy ñaan mbég mu réy ma ca biir Firdawsi,Séydi yaa nuy omat ba Diiwaanoo

Yonnent la nuy woy,bu leen dignat cofeel gu tar la Xol fees na bay tuuru,gëm woy leen boroom diine ji Bañ yaa ngi suumurlu,nuy kontaan ba Diiwaanoo

Sa wird wi,da nga ko jaayul,nde bonte nga riis Sakkuwoo ku lay siiwal,wees nga puukëre laay Yaa jiituwoon gaa ña Diiwaan tann lislaamoo

"Lay laa illa Laahu,Jëlliilu Zikru Rabbaani" Bi Laahi ku bañ xawssu,doo seerooti Yonnent ba naan Lay laa illa laahu,leer gay jolli ba Diiwaanoo

Al hambdu li laahi,sunu Yonnent bi doy na noo laay Nee na yeen gëm yi,am ngeen ngënéél,Yallaa ma wooteloo Ngeen ñëw,japp leen ci laay-laay Japp ak julleek woor la nuy salloo ba Diiwaanoo

# Baay Laay amul mass

Ab jant fenk na biir Yoof,guy gindik réér Réylu ak way-réér la ñu fallas ca niiraan Tee ngen a waaxu ñëw laaj Séydi boroom diinee

Tambur bu réy ba fa Buur Yalla la ñuy jiin Sunu yaaram bu tedd bi Séydi Ruuhu Rahmaan Makkaak Medina ba Saam raññe na say leer

Sunu Yonnent ba mu bayyikoo Beyti Maamur la feeñ Yaraax la wacci,gis ñi ko jangoon te raññeewuñu Ñuy séénu kaw,Njool ma war Jakkeer ja xuus ci seen biir Jullééji Baay Laay,Yaraax werante,nuy wooloo

Yaaram bi tiim nga say maas,Buur Yalla def na ko jéég Sëriñ si bañ dañoo réér jomlu nde bonte ñu laaj Xatmun tariixa bi Isaa ibnu Maryaamaa

Nooru Nabi nooru Issa ibnu Maryaamaa Yaaram bi donn ngay leer,sellal nga yoonu lislaam roy leen ci Séydi moo nuy ommat ba Diiwaan

Nun kay nu ngiy gaajo leeram yu tar yi nuy naan Bañ yaa ngi nuy xas,da nuy sabbaa,du nook ñoom Looloo di seen diine,seydi am nga rilwaanoo

Tammal nga say gune ñuy xam yoonu Yalla bay mag Yéénétunoo bayyi lislaam,yaa nu won yoon wi Tampees na nuy tur ca Diiwaan,yaay boroom diinee

Farlook a dem jakka,fatte toppatoo ndaw,te boo soxlaa di leen pampe Lii layyoo la daan jur fa Saam,lileey mbasun diine Roy leen Njool boroom diinee

Kuy xañtu lislaam te doo lakkal xaleel won ko yoon Doo teela may gune ag buum,muy moyug tooñ ci moom Loolooy mbasun diine,roy leen Njool boroom diinee

Bul xeeb wolof lee nga fatte,deglu naa la ñuy wax Xam leen ne bët da dul suur,dee doora gëm du ngënéel Ñi daan werante Yonnent layyo ji nañ Saam

Ku fekkewoon woote baak naaféq yaak ña gëmoon Dellooti daw ngir ga banneex,topp dunyaa ba dee Ku dem ñu ngay réccu layyoo ba fa Saam

Limaamu Laay,Mahdiyu xayrul waraa Muhamadu Bu ngeen xamul goor gi,moo feeñoon ca Makka,muy baax Mu dellu feeñ Yoof,Waa rééw may xëccoo yoonu Makka Dañco xamul muj ga,Baay Maanaay boroom diinee

Loo tayyi ñakk nga,loolaa réccu fekk mu wéy Nan daan bakken yi,te tuub sellal,ku réy da ngay réér Roy leen ci Séydi moo nuy ommat ba Diiwaan

Mbooleem li fiy fooreya duñu dab Abdulaay bun Salaam Laajam bu réy bu réy ba mu doon laaj Yonenti Yalla Nabi Te noon bu koy xam na ngeen tuub,booba mooy Mustafa Mu waxko lépp,mu yéém ba waaru far tuub ci moom Dellook Xaybar naa tuub leen Muhammadu feeñ

Xaybar la yééfeer ya jéex ngir dor yu tang yay dal Malaaka yaay wacc,Buur Yallaay dimmëli sunum njiit Roy leen ci Séydi moo nuy ommat ba Diiwaanoo

Yallaa la yonni nga feeñ Makka ñu bañ diinee Nga sanc Medina,leer gay jolli ba Saam Beyti nangul na la,Faas gëm na sa diine

Nga dellu feeñ Yoof,ñooña bañ diine Nga sanc Kambareen,leer gay jolli ba Malika Yëmbël nangul na la,Ndakaaru gëm na sa diine

Saa Baay Limaamu kiy njiit,Buur,Yalla may na ko moom Yaaram yi xam na ko,moo dekkal ngiram Nabi Laay Jébbël ko Baay Séydi muy daaral pomu diinne

Yow yaay Liimaan,wa lislaam,wa lihsaan,la ka ridwaan Saw tur la ñuy tampe,soo yeewoo tabala ya jiin Laay laa illa Laahu,leer gay wéy ba Diiwaanoo

Sunu rombukaay bii di dunyaa Buñu fi def lu ñuy lor Na ngeen xam ne goor gu feeñoon fa Makka Moo dellu feeñ fii ci Yoof Moo nuy jallé ëllëk Baay Laay yay boroom caabi yi.

# Baay Laay amul mass

**FARLU CI DIINE JI ANSAROULAHI UNIVERSITE SEYDINA ISSA ROUHOU LAHI**
il y a 20 heures

UN RESUME BRUT DES DIANGUES DU 13 AVRIL A YOFF
LES NOBLES CARACTERES DU MAHDI SEYDINA LIMAMOU LAHI
PAR BAYE NDJINN THIAW
TIRES DU LIVRE "IZAALOU DIAHLI" DE BAYE ABDOULAYE SYLLA

La ilaha ilala
Mouhamadou Rassouloulahi Baye Laye moy Mouhamadou di Ya Rassouloulahi
Wa salalahou tahala ala Seydina Mouhamadine
Yalnafi Yallah yagal SERIGNE ABLAYE ak ndiaboot gui
Layla ilala laylaylala ilalaaa laaaaa ilaaa ilalala Baye Laye moy yonent bi
Linouy wakh bounou niaké fayda ba wakhounouko, sunuy mbokou lébou bou sen khol diougoul dinanounou yeureum, warounou niak fayda ba dounou wakh BAYE LAYE ALEYSALAM mii teudeu ci Yoff moy MAMADOU RASSOULOULAHI ALEYSALAM
1909 la BAYE ALYE ALEYSALAM guéneu aduna, Tafsir NDiaga Gueye bi raw ci Yoff,binouko wakhé Limamou guéneuneu aduna dafani « pertananou »
Bamou wanié ate ya mou mate, mouni "khalass pertananou"

"Ba Mame diougué dieum Jamaalay, nia gantouwone kheutionano, kerok nia woolouwone Madiné Laay ci yoonu diiné yoobouko"
Banou wakhé kouy dieufeundiko paun boul lale diakk bi,dafa am goor bou wakhni koulene téré lale diakk bi dina dadiek yaw ndakh Limamou daféé néé té khamouniouko bamou dém tay nioukoy soga kham, kouniou téré lale diakk bi…..

Baye Laye Aleysalam NDAMOU WA Yoff leu, ndamou lbou yi, ndakh 124 000 prophétes, Yallah ségueulene 124 000 fois diokhko lebou yi, bouko lebou titeurowoul, lane lay tirteuroo?
Yallaa magg mooy Buur Turam woowa nay riir Ba seen xol sangoog leer Mag ak ndaw ku ne
Na ngeen déglu baat bi Da may woy Yonnent bi Booleek sant Rabbi Te moo war ku ne
Bu dul konte Baay Laay Lëndëm sank fuy gaay Ki tax ngeen di laay laay Yallaa ko yonni
Njiinoo njiin jibul neen Njiinum Yalla raw leen Ëllëg teel ñu laaj leen Fa Saam ak wallam
Jantub diine lislaam Da ngaa fenk ñuy miim Nu gëm woolu leer yaa Ngi baawaam fu ne
Da ngay jantu njolloor Ñi gantoo ngi ciw guur Te lii woor na kuy gor Ci diiwaan bu ne
Gééjug leer ci Soodaan Xamul yaa ngi rootaan Sangoo leen ko nuy naan Moo gën ndox mu ne
Baay Laay gééj gu dul jééx Te raw lem ci ag neex Te lamboowul ag tiix Tanxees a koy wone
Yallaa yonni Baay Laay Ci nit ak jiiné Na leen woor ne Séydééy Borom "xarnu" bi
Ku lay roy ci bi "xarnu" Feeñul wonee Da ngay njiit ci lislaam Bi yaa leen tanee
Ku lay bañ du kontaan Lu waaj waaj du waxtaan Bu walle ñu reetaan Lu man man mu ne
Ku lay bagn dou diala bessoup diala baa ay tiakhane lakoy def ba dem jahanama
Li war yeenu "haalim" Ci bii "xarnu" mooy xam Boroom, boole kook gëm Te aw cim ngirëm
Yeeteetoo ñu yeewoo Xanaa ber sa saawaa Sa ñoñ nangi faawaa Ba réér cik lëndëm
Bakkan jartil loolii Da ñuy dee ñu suuli "Fa la sakk xawlii Axiixum hikam"
Seydey Rohou Rahmaan donay Mahdiyooo ba yaram ba lakhoo bataay yaafi needona
Gënël ngël nu nuy ndey Gënël ngël nu nuy baay Te yaa gën sunuy maam gënël nuy junné
Gënël ngël nu nuy ndey Gënël ngël nu nuy baay Te yaa gën sunuy maam gënël nuy junné

# Baay Laay amul mass

Gënël ngël nu nuy ndey Gënël ngël nu nuy baay Te yaa gën sunuy maam gënël nuy junné
Yonnent baa mu woottee La saabaam ya footee Ku noon "aamanaa" Tey nu laabal xolam
Ci saabuy Boroomam Saxoo tur wa mooy xam Xalam muxjizaatam Te fagguy ngërëm
Jiyaar jii si baatin Bu doon "Zaahiroo" Ñu janloo nga daaneel Ci goor ay junné
Ku lay bañ du kontaan Lu waaj waaj du waxtaan Bu walle ñu reetaan Lu man man mu ne
Ay jambaar nga andal Ku lay sooru gental Sa gannaay ya koy dal Du wér bay wunni
Ay kéémaan nga andal Te say seede jééxul Ku laamlaami laajal Ci mag ñii fi ne
Tawreet ak Linjiiloo Saboor diig nanoo Furxaan teew na gacceel Ña noon nii du nii
Yallaa magg mooy Buur Turam woowa nay riir Ba seen xol sangoog leer Mag ak ndaw ku ne
Yallaa magg mooy Buur Turam woowa nay riir Ba seen xol sangoog leer Mag ak ndaw ku ne
Yallaa magg mooy Buur Turam woowa nay riir Ba seen xol sangoog leer Mag ak ndaw ku ne
LAA ILAHA ILALA kou Yallah yoniwoul amossi ségnségn
Yallaa magg mooy Buur Turam woowa nay riir Ba seen xol sangoog leer Mag ak ndaw ku ne
LAYLA ILALAA LAYLA ILALAA LAYLAA ILALAAAAA LAYLAAA ILALA
Formule bi kou am foko dégué wakhko
Lou nékh Yallah la dakh, lou nékhite Yallah ka dakh
Yallah momla sopp mou dieul Limamou mi di domou lébou, dieul limou bakhlé lep teudiéko limou bakhlé lep, Baye Laye dieul la gueun ca li Yallah di wakh diokhnouko
Li gueun ci li Yallah di wakh moy batou "Laa ilaha ilala"

Wakhtane wi moungui tunkou ci : « yonentak djiko yi Seydina Limamou bou Yoff ci Senegal »

Wadji dafa wakh : « khawma lounouy doyé yonent ndakh Mamadou nieuwna ba dem, alkhourane matena, sunna matena, kone lounoufiy def ?
Niouniko na latie serignam loumoufiy def, lutakh mou nieuw
Motakh bokana ci khamkham khamni lo djiss dafay dioudou, lou dioudou dina râme, lou râme dina takhaw, lou takhaw dina dokh, lou dokh dinama magg, lou magg dina magate
Dafa am lou borom xamxam yi toudé courbe de vie, Yonent bi néna iiné ji ci toumouranké la sossou, ma nieuw yéssal, léna lima yéssal dina dem ba magate, mouni diiné ji ci toumouranké la dieum, toumouranké bi niar leu, bagne bi none l'islam bagn mou takhaw ak niogn lislam ci sen bop niaka doundou binou niak doundou diiné ji, gnii yokk gnii wagni
Kou Yallah natou nga yam ci lakhdari ak tééré you ndaw yi, boul wérénté ak gayi
Diiné ji lou nek mounguissiy dougou, demnanou ba soss ay hadiths ndakh ay raisons politiques, di séga di ségate
Borom nieuw, Yonent bi mounguinane sou Mahdiyou nieuwé, nima khékhék yéne ci wakhyou nonou lay khékhék yen ci appliker sama sunna, manam Mamadou moy déloussi ni gayi linguen wakh wakhéwoumakowone nonou, nii ek lako wakhé, ndiapa mi cileu, gayi ci souf lanouy yam mouni wakhoumawone fofou, demlene bassi genou bi, gayi ni 4 femmes mouni wakhoumako ndakh alkhourane wakhouko, seuy nécessité biologique leu, ningay sokhla lekk sokhla nane nonou la nite di sokhlaa seuy, amna lou matoul neubeu, bou féké lislam dafani 4 femmes lanouy yam té wornani djiguene gni nioniou eupeu, djiguene gni meunoul am dieukeur nounouy def, té Yallah néna kou ndiaaloo doumeulene,
La zakat oakana ci yimou wara yéssalate, ba gayi yamé ci azakat you gata yi, Baye laye nieuw yokk azakat, kouy liguey nassi guéné la zakat, kou guéneu ci mbéda mi niou mayla khaliss, guénéssi la zakat,
Danou nékone ci bodikonté ci khéte, Baye Laye ni kéna rek mofi gueun moy Yallah, nite meunoul gueun nite ci askane, nite gni danouko fate
Danou wakhone djiguene dou sikar, Bayze Laye ni nanou sikar, Serigne Ablaye ni borom barké bi dafay wakhni djiguene bi boumou sikar té bou démé sorano djiguene bi wayko mou mayko khaliss, nite kid ou toudeu Yallah té bou yéké batam nguir yaw nganiko bakhna
Danoudone wakh djiguene dou dem diak, Baye laye ni wakhouma dem diak mais nanoulene defaral

# Baay Laay amul mass

place ci biir diak yi
Khaleyi amouniouwone béna responsabilité, Baye laye ni diiné jima indi, tieur bifi mak gni yor lafi gouné yi yoor, lifi goor gni yoo lafi djiguene gni yoor
Bamouy wakh lii yep, bagn foo motakhone mouy wakh
Sounoulané djiguene dou wakh bate bi yaw nga dieul charte toudéko djiguene(souratoul nissa), diul egime politique bi gueuneu ruy djiguene moko layal, baye Laye diangoul meussoul dougueu bena daara
Amna niouy wakhni tafsir ndiaga moko diangal
Wayé Libasse Niang dafa wakhni:" diangoul bindoul djisséwoulouki tééré, khamkham bissi deuneum khadioul ci téré »
"Limamou Laye Mahdiyou Lahi Madiiné khayroul waara Baye Laye doussén moromo"
"Wal mujrimiinal musrikiina naaluu Xusraanu inda diina kum maxfuuluu"
"Limaamu Laay,Mahdiyu xayrul waraa Muhamadu Bu ngeen xamul goor gi,moo feeñoon ca Makka,muy baax Mu dellu feeñ Yoof,Waa rééw may xëccoo yoonu Makka Dañco xamul muj ga,Baay Maanaay boroom diinee"
Ba Njiin feeñé ca Yoof, bañ yay kalaame Ndaxam da ñu réér, nde lamu meun wessna lolooo
Sikkar sa di riir, bañam ya naan lee mu saankoo Mu naan saabaam ya asal du ma seeru Kongoo
Da ñu noon wird ak sikkar dina fey ca sowu Limaamoo woon, te mu nga war gaal di joow
Ba Njiin waree gaal bañam ya di ree, jawaanoo Ba saaba ya naan ko Njiin doo teeri bayyi nu
Rogogn ya di tuuru, bu doon wurus it di marjaan Ginnaaw jooy yooya, Laahu yaa di Rahmaan
Ba gééj sabbaa, Aras yeugou, woor na Baay Laay La seen pexe jeex, tereetu ñu gaa ña Laay Laay
Xayartu Madiine, Baay Laay, jeul na ndam laa Ku dem Ilayiina, muy jaayook njañam laa
Ba tey leer yaa ngi baawaan rééw mi fess na Ñu ngiy laay laay,di roy Baay Laay ci diiné
Ku xam Baay Laay te xam Nabi Laay ne mooma Mahdiyu Nabi Laay a feeñ; moo woote diine
Ku geum Nabi,geum Limaamu Rassoulou Laahi Gëlëm dafa réy, nde Kaaba ga, Jammlaahi
Tanxal nu ci yol mi, yow miy Njool nu naanoo Ba mandi ci leer yi,Baay Laay yaay limbaane
Ku langook ñaari yol loo deeti rootaan Da ngaa wara naan, di sangu say bagn di ñéétaan
Al hamdu li Laahi Rabbil aalaminaa Ndégem noo gëm ki Yalla yabal jamana
Mbindééf a ngi ñuul, te lamboo leeri Yonnent Ba leer yi di tuuru ci gééj, nuy naan ci mbeex mi

Maam Limamu Laay dafa ñuul, te lamboo leeri Yonnent
Seydi Rohou Laay dafa ñuul, te lamboo leeri Yonnent
Ba leer yi di tuuru ci gééj, nuy naan ci mbeex mi

Baye Modou mboup néna ba Yallah bindé yonent ba legui amagoul yonent bou nioul

Bi Yallah tané Baye Laye, tana Seydi niou anda ak sen ndiaboot gu bakh gui, lo gata khel dinga khamni mandione ak babacar nioungafa, yoff bi mag niou bakh gni nenanou mame babacar sou wakhone yonent leu niou gueumko ndakh limoulene wane ci xamxam ak mbakh
Mag gni diamono binoufiy nee moy diamono binga khamni kounoufi yakaone echec nga, mokham djiteul aduna nga wala ndjitou diiné
Kounou yakarone politique economique echec nga
Baye Laye nieuw andak Seydi niou fess aduna, le plou nite yakar beugueuko ci loumou doundé nguir tékhé aduna, reussir aduna Baye Laye teksi lokhom
Mou melni Yallah dafa soss ci Limamou ak Seydi benenee ecole bu bess, ecole bi moy kou beugueu tekki ci aduna danhgay dougou ci ecole bobou, ecole bobou lane leu
Téré bii di téré Baye Abdoulaye Sylla « izaloul jahli »
Limamou warnanou diaral sunu lep(wakhtou, khaliss, ndiaboot, sokhla yi)
Résumé des nobles caractères de SEYDINA LIMAMOU LAHI(PSL)
Djiko yi Baye Abdoulaye Sylla indi ci Limamou boussiné yonent la ci diamono
Danou wara fékéh ba li mag gni bindeu disponible

# Baay Laay amul mass

Alkhourane, lettres inou toudé « siroul kawni » les secrets de l'univers tamou diapa 5995, 28 leu wala 29
Djiko yi Baye Abdoulaye Sylla lime 28 leu wala 29
Baye Laye moy « sataroun » kou bari soutoureu loooool ci ay bookam, koko gueum mou soutoural, koukoni do yonet bi mou soutoural, soutoureu wessouwoul dieul mbokk dieul depense diokhko, diokhko doundou,mkoba mi khol limouko diokh ba nopi niko dinanou ray banou diekh wayé sama khol moko beugoul
Mame yoro ndela nieuw wakhkoko, Baye Laye niko wakhna deug,lebou dou fén, niou tekk ay fane goor gui guéneu aduna mag gna né safara la dieum, Baye Laye né dédéte, deugam la wakh, deugueu bimou wakh silay tekk sama tank dougueulko adiana ci sama barké
« Khafaroun » : dafalendi diégueul loool
Diegueul say mbok manoul wéssou nguén dioté mou gaday niou teuyéko mou def goree lamoufa def, dem keur mame mbaye sylla, khar procés bi daldiko gagné toubab yi niko lo beugueu lanouy def, limamou nilene dedete rousna ndakh lou nite di bokak mbok, loumay diomba manay samay mbokk nioko bokk
Baye Laye Aleysalam dafa kham secret you neubou yi té sori diko wakh ay sabbam, lolou weesouna tabé, bokanassi wird bi bokanassi tassab, tassab bi danoukoy dieul, ak yenene secret youmou denkone mag gni
Deknkona bena mag « bismillahi rahmani rahim », goor gui loumoudane beugueu silakoddane def
Kou meuneu yéwéneul li mag gni bindeu nako def te nou bayi wakh ji
Mag gni nioniou eupeu khamkham eupeuniou batine mais bindeu bineu rek leu, kouné ci mag gni dafadane diokh sa morom mou corigeleu ndakh diamono bouné kouné amnga diotou khol sa morom loumou amoul diotou khool ko
« Sadakhoun » moy kou werr kokhamni dou wakh lou dégn, ani foire bi bako Baye Laye di wakh anamou, autoroute bi, aeroport port bi…cimtiere de dakar, bi Baye Laye di wakh toubab yi danouy guéneu réw mi
Dafay wakh lou werr sunu Borom deugueulko
Limamou wakhnani sou wakhé loumou waroul wakh, wakham bimou waroul wakh la Yallah di dioubunti deugueulko , digueul li aduna wakh
« Amaroun » : dafay diglé wakh loubakh, Baye Laye wakh lou bakh rek la beugone, amna bess mou kheuy di wakh, diouli timiss di wakh diouli gué di wakh, mouniko baye ndakh do lekk, mouniko talouma lekk, mame babacar nieuwate niko do teudeu, mouniko eske bou euleugué sounoumay issab yamay takhawou mounioko dedete baye laye niko bayima may wakh
Baye Laye dafa sakh ci diglé lubakh di téré lou bone, kholene koufi dieukeu khamni tabac bakhoul, amna borom khamkham yi gueuneu mag danouy wakh tabac dara nekoussi, bassi opium danouko daganal, Baye Laye ne bakhoul, ci diamono ji la medecin sakhal ke taukh bakhoul
Dafa meuneu téré lou bone
« Karimoun wa fa'a hi ala habdillahi » : baye laye dounguene sékheu koleuré mouk mou worr, doussi aduna doussi alakhira, khana sameu koleuré wéssouwoul mag gni founguene diougué beureub sangam mouni khamkham alal lep loubakh filamay féka, motakh toubab yi daw, capitalk bi nieuw
« kassiroul salati » : nioun nioy foo mais Baye Laye bala gueuneu meuneu diap diouli leundeum gui gueuneu leundeum, di nafila,
« djasiloul doumouhi » : layla ilala layla ilala layla ilalaa layla ilala, dakoy wakh di khalate magayou Yallah moy takh mou dem ba diko wakh mouy guuneu souffé
Limamou, may guiko Yallah may ci deuneu takhna limou kham ci yallah ken khamouko,nite kou ordnaire khamouko scientifique khamouko, mom la Yallah wakhone niko wakhal yéfeur yi sounoula khébé wala niou wédila nanou khol ci linou né, aduna binou deukeu khamounou thiossanam, thiossane bi moy aduna ak assamne ak suff ak univers béna dank la defone, béna bloc, bing bang mo nieuw eclaté li idem feulé leulé dem feulé, louné nekk finga nekk, bounou gueunone diégué tangay rayniou, bounou soriwantéwone lou eupeu séday rayniou , Yallah nena mako meun, lep ci ndokh lalene bindeu, Baye Laay mo kham boromam.

# Baay Laay amul mass

Baay Laay souy khalate ci boromam dafay dioye
Kou khif bay Laay diokhnala nga lekk
So dioumé mou diégueuleu
Soudane togak mag gni meuneu kheuy souba ban gone dou wakh paske dafay brancher ci Yallah, jibril nieuw di wakh ak mom ak niom asrahil asrafil
Baay Laay balala diokh lou bari ngani beugouma
"Halimoun" : science yep moungui ci Baay Laay,
Baay Laay balangako doyadil nga kham ndiabaram, book naré doyadil mou wanela ndiabaram
« Badiloul salami » :Sa sacrifier pour faire kelke chose, donner kelke chose, Baay Laay lo niaka niaka kersa, niaka teguine, dou takh mou fékala ci lolo, lo def mou datie Yallah
Baay Laay fékhéwona ba amak mbokam yep ay relations you niité, demna ba kaniak di bayal ndidiayam ay tool mok magma mame biram
Baay Laay wotem bou dieukeu beu ak bou moudié bi bokoul, bou dieukeu beu dafa tokk rek niou yooniko boolé yonent beu ag grade bi indi, aman 40 ans dora feign

Baay Laay dafay dioy dioyou khol nguir nameu Boromam
Baay Laay lou way meusseu am, bou wouyoudji Yallah dioté khamatoula, bako toubab yi di dieulsi, mag gni di yeungou dafalene wakhni dem ci diaka ja rek lalene santa, sikar la kham, bou ken yor arme wala diassi, sikarlene rek, dafa woolouwone Boromam
Baay Laay loumou tang tang wala sédd wala taw, Baay Laay moy djité diakk ji cambene ak yoff
Baay Laay book bayé mou teuyéleu
Baay Laay dafay diokou kouko dokk, kouko khagn mou mayla
Baay Laay mo totie khamba ya ak khureum ya, indi diiné bouy khol Yallah rek
Baay Laay bou wakhtou diouli dioté té diouliwo mou boudi sa neck
Bo démoul diak il faut nga am raison you deugueur pour mou diégueuleu
Bouane wakh dioulé dangay djiss mag gni di diougué founé ak daaja bo meuneu am
Djiko BAAY Laay bo djiss rek ab yonent la
Baay Laay mi mel nii kham lii demoul daara , serigne diangalouko, meussoul dougueu khalwa, tarbiyouwoul ken

Amna niouy wakhni Baay Laay niounguiko toudé limamou bou ouro mahdi
Lolou amoul, rapport bi lier Baay Laay ak ouro mahdi moy falanou wakhé Mame Alassane wadiourou
Baay Laay que niom lebou nioy diour Limamou ca banouy wadial jihad ba, bouniou wakhé toureum mahdiyou lay done
Mahdiyou bou ouro mahdi moungui toudou mamadou ba
Baay Laay Limamou la toudou
Tourou LIMAMOU bii ci yoff teudeu, le prophète salalahou aleyhi wa salam moko wakh, hadiths yi barina, dafani bounguen démé ba diamono diiné ji yakhou, tiow li bari, nguén séte koulene djité té amoulenko, kokhamni diayanténga pacte d'allegance ak sen Imam, batou Imam bobou hadith leu, le prophète mooni Mahdiyou bou nieuwé toureum banouko toudé banioukoy nguénté « LIMAMOU » lay toudeu
Thiossane tourou LIMAMOU dou ouro mahdiyou, wa ouro mahdiyou danou wakhni bou nieuwé LIMAMOU lay toudou wayé wakhouniou nanouko toudé Mahdiyou
Mame Alasane moko toudé LIMAMOU, bobou LIMAMOU bokana sa tour ya gueuneu toumopuranké, banou diougué ouro mahdiyou niounilene yen lebou yenakoy diour, kouné toudénga dom LIMAMOU bamouy 14 niep déé bamou dess LIMAMOU COUMBA NDOYE
Lolou amna makka, 14 Mamadou mofa amone niep déé bamou dess Mouhamadou

Danou wara gueuneu teuyé diiné ji, litakh niouy epanouir danouko wara teuyé moy tékki, ken waroul djiss lenene ci kenene diko khémém, sunu khel waroul dem ci lenenou kenene
Warounou kharane, warounou niétane

# Baay Laay amul mass

Nanou fonk sunuy mbokk, sunuy baye sunuy diabar, bania wétio kharite yi ak wadiour yi, kouy diangue nanga goorgoorlou, na niep am linou beugueu fanou néka
Aduna bou niep wakhoni LIMAMOU momla douko yokk , sou niep banione douko wagni, mais nioun bounou nangoo dinanou yokou souniou banié danouy waniékou
Baay Laay nena khamouniouma danouma khamoul, ken dou kham BAAY Laay diko bagn
Danouko kharé bountou ku mou diaré pote ba
Alkhamdoulilahi lezi lam yazal, son poids mystique egale 106 ki est egale à IKHLASS mou diekh takk ci Yallah
Ajibu dahiyalahi son poids mystique est egale à « ya khayou ya khayoum » manam li Baay laay tekk ken meunoussi dara
Baay Laay Yallah moko diangal, kou Yallah diangal nga raw fa Yallah
Na lep rafete, nanou teuyé lep sans complexe, être performant a l'ecole dafa boka ci façon wooté bi, koulene féka ci classe boumou meuneu done dilene wakh diiné dioumou meuneu done degloulenko bou nopé nguen khamni diiné binguen yor ken yoroul bouni mel

Amoul ci alkhourane ak sunna funouy wakh yonent bi dou deloussi
Baay Laay nekoul benene yonet mais MAMADOU mo deloussi, lolou rek lanou wakh
Djiguene gni bounou faté ke li Yallah tek goor gni la tekk djiguene gni